

Bristol-Plymouth Regional Technical School



Manyèl Atletik

Direktè Depatman Atletik
Mark Lebeda MS, ATC
(774) 961-9062

Direktris Lekòl
Karen Guenette
(508) 823-5151 x101

Tab Matyè

Entwodiksyon	4
Deklarasyon Misyon	5
Deklarasyon Atletik Jeneral	5
Objektif Pwogram	5
Objektif Depatman Atletik	7
Spò Depatman Atletik Ofri yo	8
Pòs Adisyonèl nan Depatman Atletik la	9
Pwosedi pou Jimnazyòm e Chanm Kazye Apre Lekòl	10
Prezans: Pandan Sesyon Pratik oswa Konpetisyon yo	10
Prezans: Pandan Jou Lekòl	10
Distenksyon yo	11
Sekirite Bilding nan	11
Kapitèn yo	11
Kalifikasyon Antrenè yo	12
Konpòtman ak Langaj	12
Fason pou Rezoud Dezakò yo	12
Don yo	13
Elijibilite	13
Seremoni Prim Distenksyon nan Fen Sezon an	13
Lis Verifikasyon pou Fen Sezon an	14
Ekipman	14
Chèche Fon yo	14
Pwosedi pou Jou Match yo	14
Pwograme Match yo	14
Kò K ap Gouvène yo	15
Pwosesis pou Pran Anplwaye yo	15
Règ pou Move Tan/Anile Match	15
Blesi yo	16

Spò “Junior Varsity” yo	16
Chanm Kazye yo	16
Medya	17
Machin yo	17
Videyo Aprantisaj NFHS yo	17
Elijibilite pou NCAA	17
Antrenè ki pa sou Kampous la	17
Enfliyans Pozitif	17
Reyinyon Paran Anvan Sezon an Kòmanse	18
Depans/Kontabilite Ekip	18
Vakans Lekòl	18
Rapòte Rezilta yo	18
Pèsonèl sou Teren an	18
Komite Lidèchip Elèv yo	19
Manadjè Elèv yo	19
Match ak Sesyon Pratik ki fèt Dimanch yo	19
Sipèvizyon	19
Sispansyon Jouwè yo	19
Foto Ekip yo	20
Lis Manm Ekip ak Limit yo	20
Règ Ekip yo	20
Transpò	20
Sesyon Eseye yo (Try-outs)	21
Inifòm yo	21
Dènye Pawòl Antrenè Bay	22
Kod Prensip Antrenè yo	23
Kod Prensip Paran yo	24
Kod Prensip Moun K ap Gade Match yo	25

Entwodiksyon

Pwogram Atletik la se yon pati esansyèl nan pwosesis edikasyon konplè Bristol-Plymouth Regional Technical School la. Moun k ap antrene elèv ki atlèt yo se pwofesè ak lòt moun ki gen responsabilite pou yo asire pwogram spòtif yo ede elèv yo aprann leson ki enpòtan pou lavi e k ap ede yo devlope bon pèsonalite. Gen sis prensip ki souliye eleman ki esansyèl pou yon bon pèsonalite: merite konfyans, respè, responsabilite, jistis, kè sansib, e bon sitwayen, e se prensip sa yo atlèt B-P yo dwe itilize ni sou teren an ni nan lavi chak jou.

Pou Bristol-Plymouth Regional Technical School kapab ankouraje tout elèv yo patisipe nan pwogram atletik, yo ofri plizyè kalite pwogram spò pou tout jèn yo nan lekòl la. Lè yon elèv patisipe nan pwogram atletik yo, sa bay li opòtinite pou l devlope konpetans lidèchip e pou l aprann gen bon konpòtman e jwe yon fason ki jis, ki se kèk konpetans ki nesèsè pou konpetisyon ak kowoperasyon nan sosyete konplike nou an.

Antrenè yo gen gwo responsabilite pou yo asire manm ekip yo respekte règ atletik lekòl pou Bristol-Plymouth Regional Technical School. Elèv yo obeye règ sa yo pi byen lè antrenè yo fè yo konnen e konprann règ sa yo souvan. Tout antrenè yo responsab devan Direktè Depatman Atletik la pou yo asire elèv yo respekte règ sa yo. Direktè Depatman Atletik la pral administre règ sa yo ki gen rapò ak relasyon ekip e antrenè yo.

Yo fè Manyèl Atletik Bristol-Plymouth Regional Technical School sa a nan objektif pou yo klarifye sa yo atenn, obligasyon ak objektif yo pou tout moun ki enplike. Sepandan, kapab gen kèk ka kote yo bezwen fè plis rechèch e diskisyon.

Mwen vrèman fyè pou m sèvi antanke Direktè Depatman Atletik pou lekòl Bristol-Plymouth, e mwen pa ka tann pou m travay ansanm avèk pèsonèl, antrenè, atlèt, e paran yo pandan nou pataje yon sans angajman ak devouman a Kominote Atletik Craftsman nan. Annou travay di pou n fè Bristol-Plymouth tounen yon egzanp, pa sèlman pou Konferans Atletik Mayflower a, men pou pwogram atletik nan tout eta Massachusetts tou.

Mèsi,



Mark Lebeda MS, ATC
Direktè Depatman Atletik
Bristol-Plymouth Regional Tech. School
207 Hart Street
Taunton, Massachusetts 02780
mlebeda@bptech.org

Deklarasyon Misyon

Misyon Depatman Atletik Bristol-Plymouth Regional Technical School se pou l ankouraje elèv ki atlèt yo reyisi, pa sèlman sou teren an, men nan lavi chak jou tou. Sa gen ladan l, men li pa limite a, sa ki suivan yo:

- Bay yon pwogram atletik konplè ki mete aksan sou devlopman aprantisaj, prensip, e konpetans pou tout lavi pa mwayen travay di, bon espri spòtif, bon konpòtman, e jwe yon fason ki jis.
- Bay yon pwogram ki baze sou bon kominikasyon ak respè pami manm direksyon lekòl, enstriktè, antrenè, atlèt, paran e ofisyèl yo.
- Bay yon pwogram ki se yon fòs pisan, pozitif e pwodiktif nan lekòl e kominote nou, e sa ki pi enpòtan, pou elèv ki atlèt yo.

Deklarasyon Atletik Jeneral

Pou n kapab asire nou respekte règ e estanda Depatman Atletik Bristol-Plymouth yo, nou bezwen gen yon plan ranfòsman ki strik e jis. Lè yon elèv patisipe sou yon ekip atletik, se yon privilèj, e privilèj sa a mande elèv yo gen bonjan disiplin e pou yo aksepte fè sakrifis. Se poutèt rezon sa a, elèv ki anvi patisipe nan pwogram atletik lekòl nan Bristol-Plymouth dwe respekte règ sa yo. Anplis tout règ yo detaye nan manyèl sa a, Bristol-Plymouth respekte tout règ Lig NFHS, MIAA, MSAA, e MAC yo.

Direktè gendwa fè chanjman: Direktè lekòl la gendwa chanje pwosedi ak règ yo, jan sa nesèsè, pandan ane lekòl la. Y ap poste enfòmasyon sou nenpòt nan chanjman sa yo sou sitwèb lekòl la e/oswa y ap voye yon lèt bay paran yo.

Objektif Pwogram

Depatman Atletik Bristol-Plymouth gen 3 objektif prensipal parapò ak nivo jwè a:

1. Mete aksan sou devlopman konpetans fondamantal, atitud, prensip e konsèp ki apwopriye.
2. Pèmèt maksimòm kantite elèv patisipe e pataje eksperyans ak byenfè ki genyen lè w se manm ekip.
3. Jwe yon fason pou n genyen kont ekip nan Konferans Atletik Mayflower yo e kont ekip ki pa fè pati lig yo.

Nòmalmman, se sèlman atlèt ki pi fò yo e ki byen boule ak lòt manm ekip yo pou ede ekip la reyisi ki patisipe nan nivo “varsity” a. Antrenè yo pral evalye atlèt yo selon diferan nivo yo (pa egzansp, “Varsity” ak “Junior Varsity”), e y ap deside sa k ap pi bon pou devlopman ak pwogrè elèv yo ak ekip la. Elèv yo dwe konprann ke kantite tan yo gen sou teren an kapab limite.

“Freshmen”: Kòm sa se yon nivo yo kreye pou atlèt “freshmen” yo sèlman, elèv ki atlèt e paran yo dwe aksepte konsèp suivan yo:

1. Devlopman konpetans fondamantal yo
2. Gen opòtinite egal pou tout patisipan yo pratike
3. Se antrenè a ki deside kantite tan chak atlèt ap jwe, e li baze desizyon li sou atitid, konpetans, e wòl atlèt la jwe sou ekip la, toutpandan l ap chèche bay tout elèv yo menm kantite tan
4. Aprann règ spò a
5. Devlopman lanmou pou spò a
6. Devlopman konsèp jwe antanke yon ekip pou chak atlèt
7. Lespri spòtif ak jwe yon fason ki jis
8. Devlopman anbisyon pou reyisi nan pwochen nivo konpetisyon
9. Genyen match pa pi enpòtan pase devlopman konpetans ak bon pèsonalite

“Junior Varsity”: Nivo sa a se yon nivo tranzisyonèl e li mete aksan sou:

1. Ranfòsman ak rafinman konpetans fondamantal yo
2. Se antrenè a ki deside kantite tan chak atlèt ap jwe, e li baze desizyon li sou atitid, konpetans, e wòl atlèt la jwe sou ekip la
3. Aprann règ spò a
4. Lespri spòtif ak jwe yon fason ki jis
5. Definisyon espesifik wòl chak atlèt nan konsèp ekip la
6. Mete plis aksan sou konsèp angajman e jwe antanke yon ekip
7. Mete aksan sou devlopman kondisyon fizik
8. Yo ankouraje atlèt yo devlope anbisyon pou yo reyisi nan pwochen nivo konpetisyon
9. Genyen match pa pi enpòtan pase devlopman konpetans ak bon pèsonalite

“Varsity”: Nivo sa pi wo e li mete aksan sou:

1. Devlopman konpetans wo nivo pou konpetans fizik spò a
2. Se antrenè a ki deside kantite tan chak atlèt ap jwe, e li baze desizyon li sou atitid, konpetans, e wòl atlèt la jwe sou ekip la
3. Lespri spòtif e jwe yon fason ki jis
4. Estrateji, analize sityasyon, e tout aspè mantal spò a
5. Definisyon espesifik wòl chak atlèt nan konsèp ekip la
6. Maksimòm angajman pou ekip atletik la
7. Kondisyon fizik selon spò a
8. Fè sakrifis pou byennèt ekip la
9. Genyen match selon règ lespri spòtif e jwe yon fason ki jis

Objektif Depatman Atletik

Bay yon pwogram elèv ki atlèt yo ap anvi fè pati ladan:

- Asire elèv la fè yon eksperyans ki pozitif e ki fè l kontan
- Asire byennèt e sekirite atlèt yo se premye priyorite nou

Bay enstriksyon sou prensip fondamantal chak spò yo ofri:

- Konpetans ak estrateji atletik espesifik
- Lespri spòtif, bon konpòtman, e jwe yon fason ki jis

Jwe yon wòl enpòtan nan kourikoulòm lekòl segondè a:

- Ankouraje tout atlèt yo pou yo bay tout efò ni nan sal klas la ni sou teren spò a
- Mete aksan sou enpòtans disiplin ni nan sal klas, ni nan kominote, ni sou teren
- Anseye atlèt yo ke yo ka gen sans diyite, bay tèt yo valè e kwè nan tèt yo si yo travay di
- Kreye yon anbyans lekòl ki pozitif e amelyore anbyans sa a pandan elèv ki atlèt e elèv ki pa atlèt yo travay ansanm pou reprezante lekòl yo pandan yon konpetisyon
- Devlope konsèp ou ka atenn objektif ou yo pa mwayen travay di e disiplin, e founi yon posibilite pou elèv yo anvi patisipe nan pwogram kourikoulòm lekòl la e nan opòtinite apre lekòl segondè yo

Fè pwogram atletik la tounen yon sous fyète nan lekòl e nan kominote a:

- Ede chak atlèt kominike yon fason pozitif ak pèsonèl lekòl, kominote, e kondisip li yo
- Fè ekip la gen yon enpak pozitif sou tout moun ki vin an kontak avèk li
- Montre fason konpetans sosyal vle di nou dwe fonksyone selon sèten paramèt, respekte dwa lòt moun genyen, e konprann gen penalite lè nou pa respekte règ yo

Spò Depatman Atletik Ofri yo

Sezon Otòn

Sezon spòtif pou otòn kòmanse sou twazyèm lendi nan mwa out e li fini nan fen mwa oktòb. Ekip Varsity yo ki kalifye pou yo jwe nan match apre sezon an kapab patisipe nan mwa novanm. Sezon nòmal foutbòl ameriken an fini sou jou fèt Thanksgiving e li ka menm kontinye nan mwa desanm. Y ap gen reyinyon enfòmasyon nan fen mwa me, men kapab gen chanjman pi devan.

- ❖ **Foutbòl Ameriken:** Varsity / Junior Varsity/ Freshmen
- ❖ **Volebòl pou Fi:** Varsity / Junior Varsity / Freshmen
- ❖ **Kouri long-distans pou Fi:** Varsity**
- ❖ **Kouri long-distans pou Gason:** Varsity**
- ❖ **Foutbòl (Soccer) pou Gason:** Varsity**
- ❖ **Foutbòl (Soccer) pou Fi:** Varsity**
- ❖ **Gòlf:** Varsity
- ❖ **Chirliding (Cheerleading):** Varsity**

Sezon Ivè

Sezon spòtif pou ivè kòmanse sou lendi ki suiv fèt Thanksgiving e li fini nan fen mwa fevriye. Ekip Varsity ki kalifye pou yo jwe nan match apre sezon an kapab patisipe nan mwa mas. Y ap gen reyinyon enfòmasyon nan fen mwa novanm, men kapab gen chanjman pi devan.

- ❖ **Baskèt pou Gason:** Varsity / Junior Varsity / Freshmen
- ❖ **Baskèt pou Fi:** Varsity / Junior Varsity
- ❖ **Chirliding:** Varsity **
- ❖ **Lit:** Varsity / Junior Varsity
- ❖ **Òki (“Hockey”) sou glas:** Varsity an kowoperasyon ak Southeastern
- ❖ **Fòs Fizik:** Konpetisyon nan lekòl la

Sezon Prentan

Sezon spòtif pou prentan kòmanse sou twazyèm lendi nan mwa mas e li fini nan fen mwa me. Ekip Varsity ki kalifye pou yo jwe nan match apre sezon an kapab patisipe nan mwa jen. Y ap gen reyinyon enfòmasyon nan mwa fevriye, men kapab gen chanjman pi devan.

- ❖ **Beysbòl:** Varsity / Junior Varsity/Freshmen**
- ❖ **Sòfbòl:** Varsity / Junior Varsity
- ❖ **Lakwòs pou Gason:** Varsity**
- ❖ **Lakwòs pou Fi:** Varsity**
- ❖ **Konpetisyon Atletik pou Gason:** Varsity
- ❖ **Konpetisyon Atletik pou Fi:** Varsity

**Yo kapab gen lòt ekip si yo rive jwenn minimòm elèv yo bezwen – Gade seksyon pou Spò Junior Varsity yo

Pòs Adisyonèl pou Depatman Atletik

Otòn

Foutbòl Ameriken

Antrenè Prensipal pou Varsity
Asistan Antrenè pou Varsity
Asistan Antrenè pou Varsity
Antrenè Prensipal pou JV
Antrenè Prensipal pou Freshmen
Asistan Antrenè pou Freshmen

Volebòl

Antrenè Prensipal pou Varsity
Antrenè Prensipal pou JV/Asistan pou Varsity
Antrenè Prensipal pou Freshmen

Kouri Long-distans pou Gason ak Fi

Antrenè Prensipal pou Varsity
Antrenè Prensipal pou JV/Asistan pou Varsity**

Foutbòl (Soccer) pou Gason

Antrenè Prensipal pou Varsity
Antrenè Prensipal pou JV/Asistan pou Varsity**

Foutbòl (Soccer) pou Fi

Antrenè Prensipal pou Varsity
Antrenè Prensipal pou JV/Asistan pou Varsity**

Gòlf

Antrenè Prensipal pou Varsity

Chirliding

Antrenè Prensipal pou Varsity
Asistan Antrenè pou Varsity

Ivè

Baskèt pou Gason

Antrenè Prensipal pou Varsity
Antrenè Prensipal pou JV/Asistan pou Varsity
Antrenè Prensipal pou Freshmen

Baskèt pou Fi

Antrenè Prensipal
Antrenè Prensipal pou Junior Varsity/Asistan pou Varsity

Lit

Antrenè Prensipal pou Varsity
Asistan Antrenè pou Varsity

Bat Fè

Antrenè Prensipal pou konpetisyon nan lekòl la

Òki sou Glas pou Gason

Asistan Antrenè

Prentan

Beysbòl

Antrenè Prensipal pou Varsity
Antrenè Prensipal pou Junior Varsity/Asistan pou Varsity

Sòfbòl

Antrenè Prensipal pou Varsity
Antrenè Prensipal pou Junior Varsity/Asistan pou Varsity

Lakwòs pou Gason

Antrenè Prensipal pou Varsity
Antrenè Prensipal pou Junior Varsity/Asistan pou Varsity**

Lakwòs pou Fi

Antrenè Prensipal pou Varsity
Antrenè Prensipal pou Junior Varsity/Asistan pou Varsity**

Kous Atletik pou Gason e Fi

Antrenè Prensipal pou Varsity
Asistan Antrenè
Asistan Antrenè

Bat Fè

Antrenè Prensipal pou konpetisyon nan lekòl la

**Yo kapab gen lòt ekip si yo rive jwenn minimòm elèv yo bezwen – Gade seksyon pou Spò Junior Varsity yo

Pwosedì pou Jimnazyòm e Chanm Kazye Apre Lekòl

Pèsonèl edikasyon fizik yo oswa Direktè Altletik la dwe klete tout pòt jimnazyòm ak chanm kazye yo nan fen jounen lekòl la. Tout elèv ki se atlèt yo dwe tann antrenè yo nan espas ki deyò jimnazyòm nan. Pa dwe gen elèv ki se atlèt nan jimnazyòm ni nan chanm kazye yo san sipèvizyon. Yonfwa antrenè a rive, l ap mennen ekip li nan chanm kazye a pou yo ka chanje rad yo. Ou dwe klete tout afè pèsonèl ou yo nan kazye ou. Yonfwa manm ekip yo fin abiye, antrenè a pral asire tout moun kite chanm kazye a e l ap klete pòt la. Pòt chanm kazye yo ap rèt klete pandan tout match yo.

Prezans: Pandan Sesyon Pratik oswa Konpetisyon

Règ suivan sa yo aplikab pou tout spò, nan tout nivo:

- ❖ Elèv ki se atlèt yo gentan angaje yo pou yo prezan nan tout sesyon pratik, konpetisyon, ak reyinyon ekip yo. Nenpòt manm ekip ki bezwen rive an reta, rate yon sesyon pratik, yon match, oswa yon reyinyon, dwe pale sou sa ak antrenè li davans.
- ❖ Absans san eskiz yo kapab fè elèv la resevwa yon sispansyon pou yon match, selon desizyon antrenè a. Tanpri byen konprann ke règ sa tou aplike pou vwayaj long pandan vakans. Absans san eskiz pou sesyon pratik yo kapab mete plas elèv la genyen sou ekip la, opòtinite pou l resevwa yon lèt varsity, e/oswa kantite tan li jwe a an danje, selon desizyon antrenè a.
- ❖ Absans apwouve pou sesyon pratik yo kapab gen yon enpak sou plas elèv la genyen sou ekip la, men se pa yon pinisyon, se plis poutèt sekirite elèv la, pou montre gen jistis anvè tout manm ekip yo, e pou rezon estratejik yo, selon desizyon antrenè a.
- ❖ Si jounen lekòl anile, yo dwe anile sesyon pratik yo tou, sof si Direktè Depatman Atletik e Direktè Lekòl dakò.

Si posib, antrenè yo dwe montre pridans parapò ak pwograme sesyon pratik sou jou vakans e sou wikenn yo, sitou pou elèv ki nan nivo JV a.

Prezans: Jou Lekòl

Si nenpòt elèv absan pou yon jou lekòl san dokiman eskiz, epi gen yon sesyon pratik oswa yon match ki pwograme pou jou sa a, yo pap pèmèt li patisipe nan sesyon pratik oswa match la. Yon absans sou yon jou vandredi konte pou patisipasyon ki pwograme sou samdi/dimanche e jou vakans lendi yo. Fòk yon elèv rive nan lekòl anvan 11è am pou l kalifye pou l patisipe nan spò li sou jou sa.

Absans apwopriye (avèk dokiman eskiz) pap anpeche yon elèv patisipe nan pwogram spò nan lekòl la. Men kèk egzanp absans apwopriye: Lè yon elèv absan pou yon rezon medikal (fòk li vini ak yon nòt doktè ekri), obsèvan relijye (fòk paran li rele oswa voye yon lèt), prezans nan tribinal (fòk li vini ak dokiman tribinal), finaray, vizit kolèj (sèlman pou elèv “junior” ak “senior” yo—fòk yo vini ak yon lèt kolèj oswa inivèsite – limit 3 chak ane – vizit adisyonèl yo dwe gen apwobasyon konseye a), e jounen/vwayaj lekòl. Si yon elèv resevwa yon sispansyon nan men lekòl la, li pap ka patisipe nan match oswa sesyon pratik ki fèt sou jou sispansyon (yo).

Akolad Distenksyon yo

Yo pral rekonèt chak elèv ki se yon atlèt nan seremoni akolad distenksyon nan fen sezon an. Nan tout ka, yon elèv dwe an règ nan fen sezon an pou l kalifye resevwa yon prim.

Kalifikasyon Jeneral yo:

- ❖ Akolad Atletik yo la pou montre apresyasyon pou pèfòmans elèv ki atlèt yo
- ❖ Y ap prezante lèt Bristol-Plymouth “B-P” anbose e ensiy spò pou spò varsity yo
 - Y ap bay yon Bristol-Plymouth “B-P” e yon anblèm annò selon spò a pou premye akolad varsity pou moun ki merite diskenksyon
 - Y ap bay yon anblèm annò pou dezyèm, twazyèm, e katriyèm akolad varsity
 - Yon elèv ka resevwa yon sèl lèt Bristol-Plymouth “B-P” anbose pandan karye li; l ap jwenn yon anblèm annò selon spò a pou tout lòt distenksyon varsity li jwenn yo
 - Y ap deside moun k ap resevwa tout akolad lèt e/oswa tout anblèm annò yo selon faktè antrenè pou spò a deside
 - Y ap bay chak atlèt “senior” yon nimewo de klas nan konklizyon premye spò li, pandan dènye ane lekòl segondè
- ❖ Anplis, gen akolad ekip y ap bay nan seremoni akolad distenksyon nan fen sezon an. Se Antrenè Prensipal ki responsab akolad sa yo.

Sekirite Bilding nan

Pa gen OKENN sikonstans kote yon elèv dwe gen kle oswa badj antrenè a nan men l. Tout pòt yo dwe klete lè n ap antre nan bilding nan e sitou lè n ap kite bilding nan. Yo pa dwe janm fikse pòt yo ouvri. Antrenè yo dwe anrejistre ak sekirite bilding nan ki toupre pòt kote yo antre chay.

Kapitèn yo

Manm ekip yo konn vote kapiten yo e/oswa antrenè yo nome yo. Anvan seleksyon an, antrenè a pral fè manm ekip yo konnen kritè pou seleksyone yon moun e responsabilite pòs la. Pòs kapitèn nan se yon onè ki mande lidèchip ak responsabilite. Kòm rezilta, elèv ki sèvi nan pòs sa a dwe konpòte yo yon fason egzanplè ni anndan ni andeyò lekòl.

Nenpòt elèv ki patisipe nan yon kontrevansyon kod konduit e/oswa kod atletik, oswa nan yon kontrevansyon chimik, kapab pèdi posibilite pou l nome oswa sèvi antanke kapitèn pou yon peryòd tan ki dire yon (1) sezon atletik.

Kalifikasyon Antrenè yo

Tout antrenè Bristol-Plymouth yo dwe pase nan pwosesis anplwaye yo. Yo pa pèmèt moun pote volontè pou pòs antrenè. Antrenè yo dwe kalifye selon pwèn ki pi ba yo pou yo fè travay antrenè aktyèlman nan Bristol-Plymouth.

- Tout antrenè ki te kòmanse travay anvan 1 out 1998 pa oblije pran Kou Ansèyman Fondamantal pou Antrenè yo. Antrenè ki kòmanse travay apre 1 out 1998, men anvan 1 jiyè 2005, dwe konplete Kou Ansèyman Fondamantal NFHS pou Antrenè yo, sof antrenè ki se pwofesè MA sètifye.
- Tout antrenè k ap travay nan lekòl ki manm MIAA yo dwe suiv Kou Chòk Tèt Federasyon Nasyonal la chak ane, oswa yon lòt pwogram edikasyon Depatman Sante Piblik MA rekonèt, anvan sezon an kòmanse.
- Tout antrenè ki kòmanse sèvi antanke antrenè pou ekip ki jwe match kont lòt lekòl yo apre 1 jiyè 2005 dwe konplete Kou Ansèyman Fondamantal pou Antrenè ki soti nan Federasyon Nasyonal Lekòl Segondè a, e kou sa dwe gen yon enstriktè MIAA ki anseye l (fòk li pase kou sa anvan li antrene pou yon dezyèm ane), e li dwe konplete yon kou Premye Swen Spòtif apwouve (NFHS, Kwa Wouj Ameriken oswa Asosyasyon Kè Ameriken, e fòk li pase kou sa anvan li antrene pou yon twazyèm ane).
- Tout antrenè ki kòmanse sèvi antanke antrenè pou ekip ki jwe match kont lòt lekòl yo apre 1 jiyè 2007 dwe konplete Kou Ansèyman Fondamantal NFHS pou Antrenè yo, yon kou Premye Swen Spòtif apwouve, e Kou Konpetans Teknik Espesifik selon Spò a pou spò y ap antrene (fòk li konplete l anvan li antrene pou yon twazyèm ane). Note: Egzijans fòmasyon sou spò w ap antrene a te kòmanse 1 jiyè 2007, oswa l ap kòmanse nenpòt lè yon kou sou yon spò an patikilye vin disponib, si se apre dat sa.
- Men ki Kou NFHS pou Konpetans Teknik Espesifik selon Spò ki disponib aprezan: Beysbòl, Baskèt, Òki sou teren, Foutbòl Ameriken, Gòlf, Lakwòs, Foubòl, Sòfbòl, Tennis, Lit, Volebòl, Chir & Danse, e Konpetisyon Atletik.
- Antrenè yo dwe ranpli egzijans pou asiste Kou Ansèyman Fondamantal NFHS pou Antrenè yo lè yo asiste yon Klas Ansèyman Fondamantal pou Antrenè yo ke MIAA sponsore e ki gen Enstriktè MIAA Sètifye k ap anseye li.
- Antrenè yo kapab ranpli egzijans pou asiste Premye Swen Spòtif NFHS e Kou Konpetans Teknik Espesifik selon Spò a lè yo konplete kou sou entènèt pa mwayen sitwèb NFHS a <http://www.nfhslern.com>.
- Yo egzije tout antrenè yo konplete fòmasyon AED. Y ap aprann antrenè yo pou yo rekonèt sentòm pwoblèm kadyak pou elèv ki atlèt yo. Fòmasyon sa ap fèt ansanm ak fòmasyon CPR yo deja egzije e ki se yon Lwa Eta pou tout antrenè yo.

Konpòtman ak Langaj

Elèv ki se atlèt yo dwe aji yon fason kòrèk pandan tout evènman ki fèt nan lekòl (sesyon pratik, anndan chanm kazyè, pandan match yo, sou bis, eksetera). Antrenè yo dwe asire elèv yo konprann ke aksyon ak pawòl yo kapab gen yon efè sou repitasyon antrenè yo, pwogram atletik la e sou sistèm lekòl la. Si yo pase mizik ki pa apwopriye pandan yon aktivite anvan match oswa pandan yon match, y ap fèmen tout mizik, e ekip e/oswa moun ki responsab kapab pèdi privilej mizik yo pandan rès sezon an.

Fason pou Rezoud Dezakò yo

Tout moun ki fè pati pwogram atletik la - elèv yo, antrenè yo ak paran yo - dwe santi yo te pase yon bèl eksperyans. Pa gen dout, pafwa gen kèk repons emosyonèl nan afè spò. Nou ka aprann anpil bèl bagay lè nou byen jere emosyon sa yo. Nan pifò ka, konpetisyon spò se yon eksperyans vrèman pozitif e li mache byen ak eksperyans edikasyon elèv yo fè nan Bristol-Plymouth Regional Technical School. Pafwa, konn gen dezakò ant antrenè, elèv, e/oswa paran yo.

Nou dwe jere konfli sa yo lapoula pou nou ka kontinye jwenn byenfè spò yo e pou elèv Bristol-Plymouth Regional Technical School ki atlèt yo ka kontinye grandi nan domèn fizik e emosyonèl.

Pwotokòl: Si nenpòt lè yon elèv ki se yon atlèt oswa yon paran ta renmen pote yon plent oswa pale sou yon bagay yo panse ki pa jis, men ki pwosedi yo dwe suiv:

Fòk gen 24 èdtan ki pase anvan yo kòmanse pwosesis la pou ede gen tèt frèt

1. Kontakte antrenèn ki enplike dirèkteman (ou ka kontakte li pa mwayen Depatman Atletik).
2. Gen yon reyinyon ant paran ak antrenèn yo.
3. Si pwoblèm nan pa rezoud, Direktè Depatman Atletik dwe prezan nan pwochen reyinyon.
4. Si pwoblèm nan pa rezoud, Direktè lekòl dwe prezan nan pwochen reyinyon.

**Premye etap nan rezoud dezakò se kominikasyon ant elèv ak antrenèn yo, e yo dwe toujou ankouraje sa. Si yon paran/gadyen oblije antre nan afè a, elèv la dwe prezan tou, sof si gen yon sikonstans ki gen rapò ak plent lan ki fè sa pa t ap apwopriye. Si afè rezoud konfli a oblije ale pi lwen pase Etap 2, yo ka mande tout moun ki enplike yo reyini ansanm e poukont yo. Yo sèlman dwe enplike administrasyon an si pa gen okenn lòt solisyon.*

Don yo

Tanpri asire w remèt tout don yo bay Biwo Biznis la san pèdi tan. Tanpri asire w konplete tout fòmilè yo yon fason kòrèk e w voye yon resi bay moun ki te bay ofrann nan. Si moun nan te fè ofrann pou yon rezon espesifik, ou dwe ekri sa sou fòmilè a.

Elijibilite

Pou yon elèv kalifye nan domèn akademik pou l patisipe nan spò Bristol-Plymouth yo, li dwe:

- Pa pran nòt echèk nan plis pase youn nan klas akademik nòmal yo.
- Gen yon nòt ki pase nan atelye yo.
- Si elèv la pa ranpli kritè sa yo nenpòt lè apre li konplete yon trimès, elèv sa vin pa elijib.

Anplis, pou yon elèv kapab elijib:

- Li pw dwe gen okenn obligasyon li pa respekte pou lekòl.
- Obligasyon kapab gen ladan yo: pa remèt liv nan bibliyotèk, pa remèt Chromebook oswa chajè yo, pa remèt inifòm atletik, oswa nenpòt lòt obligasyon ki egziste.

Yon elèv ki pa elijib pap kapab retabli elijibilite li jiska premye jou pwochen trimès. Yo elèv dwe gen yon nòt pase, e kredi konplè, pou dènye peryòd nòt.

Seremoni Akolad Distenksyon nan Fen Sezon an

Gen twa (3) seremoni akolad nan fen sezon ki fèt chak ane. Y ap fè yon seremoni akolad nan otòn, ivè e prentan, apre chak sezon spòtif fini. Se Direktè Depatman Atletik k ap òganize chak seremoni e antrenèn yo oblije asiste. Chak spò ap bay akolad endividyèl e se antrenèn yo k ap deside kiyès k ap jwenn. Fòk antrenèn yo bay Direktè Depatman Atletik la non chak moun k ap resevwa yon akolad 24 èdtan apre dènye match.

Lis Verifikasyon pou Fen Sezon

- ✓ Ranmase tout inifòm yo sou dènye jou a. Ekri non moun ki te pèdi pyès inifòm. Piske yo pral voye inifòm yo pou yo lave yo, ou mèt ranmase yo tou sal sou dènye jou a, konsa sa pral evite elèv yo ale lakay yo avèk yo.
- ✓ Remèt tout ekipman bay Depatman Atletik la
- ✓ Remèt kit premye swen, iglou dlo, bidon, e nenpòt materyèl medikal yo nan Chanm Antrènman Atletik la.
- ✓ Remèt Direktè Depatman Atletik la lis non moun ki pral resevwa yon lèt varsity, ensiy annò, yon nimewo.
- ✓ Remèt yon lis ekipman nou bezwen/vle pou ane k ap vini an. Nou pa ka pwomèt w ap jwenn tout sa w mande, men n ap fè tout efò nou pou n ranpli demann ou yo.
- ✓ Tanpri fè kòmantè sou nenpòt bagay ou panse kapab amelyore pwogram atletik nou an. Y ap voye yon fòmilè ba w nan fen sezon an.

Ekipman

Y ap prete atlèt yo ekipman nan kòmansman chak sezon an kowoperasyon ak antrenè e Direktè Depatman Atletik la. Direktè Depatman Atletik la pral anrejistre ki ekipman chak atlèt prete. Nan fen sezon an, atlèt yo pral remèt inifòm ak ekipman yo bay antrenè prensipal la, ki pral tcheke pou asire elèv yo remèt tout bagay. Yo pral voye inifòm yo pou lave yo, donk pito w ranmase yon inifòm tou sal pase w pa ranmase l ditou. Si gen ekipman ki pèdi, se atlèt ki te prete ekipman an ki responsab depans pou ranplase l, e y ap mete non elèv la sou lis moun ki pa elijib jiskaske li swa remèt, swa peye pou ekipman an.

Chèche Fon yo

Se responsabilite antrenè yo pou yo òganize aktivite pou jwenn fon pou ekipman oswa rad yo “Anvi” (men ke pa yon bezwen). Yo dwe soumèt ide pou aktivite chèche fon yo sou seksyon anplwaye ki sou sitwèb B-P a, anba ribrik “Demann pou Aktivite Elèv yo”. Si w se yon antrenè ki pa sou kampous la, tanpri pale ak Direktè Depatman Atletik la pou soumèt yon demann. Ekip yo dwe eseye fè omwen yon (1) aktivite chèche fon chak ane. Yo ka sèvi ak fon yo jwenn pou lòt bagay tou, tankou rad, chanpyona pandan sezon nòmal la, e fèt nan fen ane yo.

****Sè lekòl k ap achte tout inifòm yo****

Pwosedi pou Jou Match yo

Match lakay: Se fasilite yo k ap responsab prepare teren an pou jou match yo. Ekip yo ka ede yo ak kèk bagay, tankou chèz, endikatè pou kantite mèt, e lòt ti bagay.

Match ki fèt lòt kote: Si antrenè yo dwe kite anvan fen jou lekòl la, yo dwe suiv pwosedi suivan an:

- 1) Kontakte sekretè biwo santral nan nimewo x127 omwen 24 èdtan anvan match la pou yo ka kouvri bezwen sal klas yo.
- 2) Oswa ou ka fè sa davans, ou ka kontakte yo e ba yo tout pwogram ou ki montre jou w ap oblije kite bonè, olye ou fè sa anvan chak match.

Si elèv yo bezwen kite lekòl bonè pou jwe yon match, Direktè Depatman Atletik la pral voye notifikasyon bay biwo santral la tout detay.

Pwograme Match yo

Direktè Depatman Atletik yo ki fè pati Konferans Atletik Mayflower a pral kreye pwogram lig yo. Direktè Depatman Atletik la pral travay ansanm ak antrenè prensipal (yo) pou pwograme match ki pa fè pati lig la.

Kò K ap Gouvène yo

Sou nivo nasyonal, Bristol-Plymouth, ki se yon lekòl segondè piblik, pral suiv sèten règ Asosyasyon Federasyon Nasyonal Lekòl Segondè (NFHS) yo. NFHS se kò ki ekri règ konpetisyon pou pifò spò ak aktivite nan peyi Etazini.

Sou nivo eta, Bristol-Plymouth se yon manm Asosyasyon Atletik Entèskolè Massachusetts (MIAA). Objektif MIAA se pou l òganize, kontwole, e fè pwomosyon spò entèskolè pou lekòl segondè ki nan Massachusetts yo. Antanke yon lekòl ki fè pati MIAA, Bristol-Plymouth suiv tout estanda minimòm òganizasyon sa a bay. Tanpri note ke estanda sa yo se minimòm yo, e manm yo kapab gen estanda ki pi strik pase sa.

Sou nivo lokal, Bristol-Plymouth se yon manm Konferans Atletik Mayflower (MAC), ki gen 16 lekòl fòmasyon pwofesyonèl ak lekòl konplè Massachusetts ladan l. Lekòl segondè ki ladan l se: Avon, Bishop Connolly, Blue Hills, Bristol Aggie, Bristol-Plymouth, Cape Cod Tech, Diman, Holbrook, Norfolk Aggie, Old Colony, Southeastern, South Shore, Tri-County, Upper Cape Tech, West Bridgewater, e Westport. Anplis, nou konn jwe match kont lekòl ki fè pati lòt lig, e lekòl sa yo pa manm lig nou an.

Pwosesis pou Pran Anplwaye yo

Y ap poste tout pòs antrenè yo anvan dat oswa sou dat 15 me nan ane anvan ane y ap pran moun nan.

- Y ap voye pòs yo bay anplwaye yo nan imèl, y ap poste lis pòs yo nan sal pwofesè yo, nan sant medya, e sou sitwèb Atletik la.
 - <https://bristolplymouthathletics.bigteams.com/>
- Aplikan yo dwe voye yon lèt entansyon bay Direktè Depatman Atletik e Direktè lekòl la.
- Apre sa, Direktè Depatman Atletik e Direktè lekòl yo pral suiv pwosesis anplwa a e y ap voye rekòmasyon yo bay Sipèyentandan, ki pral nome yon moun pou pran pòs la pandan yon peryòd 1 an.

Règ pou Move Tan/Anile Match

Si gen move tan, ekip administrasyon Bristol-Plymouth la pral decide si wi ou non ap gen sesyon pratik ak match toujou. Administrasyon an gen otorite pou l anile aktivite, evènman, sesyon pratik, oswa konpetisyon lè gen move tan. Antrenè ak lòt ofisyèl lekòl yo pa gen otorite pou yo chanje enstriksyon sa yo.

Nòmalmman, men pa toutan, Bristol-Plymouth konn pran egzanp desizyon lòt lekòl piblik nan zòn nan fè nan domèn si wi ou non yo dwe anile yon evènman poutèt move tan.

Si gen yon evènman ki anile, men ki aksyon y ap pran pou kominike sa:

- Antrenè a pral itilize mod kominikasyon prensipal pou l bay elèv ki atlèt yo enfòmasyon sou evènman ki anile a.
- Depatman atletik la pral mete nouvo enfòmasyon sou sitwèb lekòl la e l ap poste sa sou rezo sosyal.
- Y ap fè yon anons nan lekòl, si yo gentan konnen sa, jou anvan evènman ki anile a.

Politik Repwograme Evènman yo: Se antrenè prensipal, an amoni ak depatman atletik, ki pwograme nenpòt sesyon pratik adisyonèl pou ranplase tan ki te pèdi akoz yon sesyon pratik ki te anile. Se priyorite Depatman Atletik la pou l repwograme match ki anile yo. Sepandan, akoz plizyè sikonstans, li pa toujou posib pou yo repwograme match yo, konsa PA gen okenn garanti.

Blesi yo

Yo dwe rapòte tout blesi ki fèt pandan yon moun ap patisipe nan bagay atletik devan Trenè Atletik Sètifye a lapoula, e li pral bay Direktè Depatman Atletik la enfòmasyon ki nesèsè. Nenpòt yon elèv ki se yon atlèt vizite yon pwofesyonèl medikal apa Trenè Atletik Sètifye a, li dwe bay Trenè Atletik Sètifye a yon nòt ofisyèl ki di elèv la mèt kontinye jwe. Elèv la pap kapab patisipe jiskaske yo resevwa nòt sa a. Chak antrenè dwe abitye ak Plan Aksyon Ijans (EAP) pou Bristol-Plymouth Regional Technical School. Parapò ak blesi yo, se Antrenè Atletik Sètifye a ki gen dènye pawòl sou si wi ou non elèv la ka retounen patisipe nan sesyon pratik ak konpetisyon yo.

Si yon elèv ki se yon atlèt blese pandan yon konpetisyon, yon manm pèsònèl antrenè yo dwe asire paran yo pa antre sou teren an. Antrenè Atletik Sètifye a pral chèche paran an lè sa apwopriye. Kite Antrenè Atletik Sètifye a fè travay li nan sityasyon sa yo.

Spò “Junior Varsity” yo

Pou gen yon ekip junior varsity oswa yon ekip freshman pou spò pa w, dwe gen minimòm kritè sa yo:

Spò Otòn yo:

Foutbòl Ameriken:	Junior Varsity: Omwen 60 elèv jinyò e sinyò yo	Freshmen: Omwen 20 freshmen
Foutbòl:	Junior Varsity: Omwen 30 patisipan	Freshmen: Omwen 18 freshmen
Volebòl:	Junior Varsity: Omwen 25 patisipan	Freshmen: Omwen 14 freshmen
Kouri long-distans:	Junior Varsity: Omwen 15 patisipan	
Gòlf:	SÈLMAN Varsity	
Chirliding:	Junior Varsity: Omwen 30 patisipan	

Spò Ivè yo:

Baskèt:	Junior Varsity: Omwen 24 patisipan	Freshmen: Omwen 12 freshmen
Lit:	Plizyè atlèt nan 5 oswa plis klas pwa	
Chirliding:	Junior Varsity: Omwen 30 patisipan	
Òki sou glas:	Varsity sèlman an kowoperasyon ak Southeastern	

Spò Prentan yo:

Beysbòl/Sòfbòl:	Junior Varsity: Omwen 25 patisipan	Freshmen: Omwen 15 freshmen
Lakwòs:	Junior Varsity: Omwen 35 patisipan	
Konpetisyon Atletik:	Varsity SÈLMAN	

Chanm Kazye yo

Nenpòt lè elèv ki atlèt yo nan chanm kazye yo, fòk gen yon antrenè ki sipèvize yo. Nenpòt atlèt ki antre nan chanm kazye a san sipèvizyon kapab jwenn disiplin. Ekip yo responsab pou asire chanm kazye a pwòp e pou nenpòt domaj ki fèt. Lekòl la pa responsab okenn bagay yon moun kite nan chanm kazye a.

Medya

Se antrenè prensipal ki responsab rapòte rezilta match yo bay jounal, kit ekip la genyen kit li pèdi. Tanpri asire w pa fè kòmantè negatif an rapò ak medya a, e toujou suiv Direktè Depatman Atletik oswa Direktè lekòl la si gen yon sijè pa konprann oswa si manm medya yo kontakte w dirèkteman.

Taunton Gazette

Cameron Merritt

cmerritt@tauntongazette.com

Machin yo

Ti machin gòlf koulè gri a: Pou itilizasyon Direktè Depatman Atletik la sèlman.

Ti machin gòlf koulè vèt la: Pou itilizasyon Trenè Atletik Sètifye a sèlman.

Y ap pèmèt antrenè yo itilize ti machin golf yo sèlman lè Direktè Depatman Atletik la apwouve sa. Elèv pa dwe janm kondui ti machin gòlf yo.

Videyo Aprantisaj NFHS yo

Antrenè ak elèv yo dwe fin gade videyo suivan sa yo pandan chak ane akademik:

- Antrenè yo:

- Chòk Serebral nan Spò (“Concussion in Sports”)*
- Paspouki (“Implicit Bias”)*
- Atlèt ki Endispoze a (“The Collapsed Athlete”)
- Kriz Kadyak Bridesoukou (“Sudden Cardiac Arrest”)

- Elèv yo:

- Chòk Serebral pou Elèv (“Concussion for Students”)*
- Paspouki (“Implicit Bias”)*
- Entimidasyon, Brimad Inisyasyon, ak Konpòtman ki pa Apwopriye (“Bullying, Hazing and Inappropriate Behavior”)
- Rezo Sosyal pou Elèv yo (“Social Media for Students”)
- Espri Spòtif (“Sportsmanship”)

* = MIAA egzije sa a

Elijibilite pou NCAA

Nenpòt elèv ki se yon atlèt ki planifye enskri nan kolèj e patisipe nan spò Divizyon I oswa Divizyon II yo, dwe sètifye pa Sant Elijibilite Inisyal NCAA a. Sant lan pral analize enfòmasyon akademik elèv la e l ap deside si elèv la ranpli kalifikasyon Elijibilite Inisyal NCAA yo. Konplete Fòmilè Sant Elijibilite Inisyal la sou sitwèb Sant NCAA ki se www.eligibilitycenter.org

Antrenè ki pa sou Kampous la

Antrenè ki pa fè pati fakilte Bristol-Plymouth yo dwe resevwa yon badj idantifikasyon nan men Biwo Biznis apre yo pran yo kòm anplwaye. Badj sa a pral sèvi antanke kle yo pou antre nan bilding nan. Y ap bay antrenè yo kle pou pòt yo bezwen antre yonfw a yo gentan antre nan bilding nan. Antrenè yo dwe remèt kle ak badj idantifikasyon yo bay Biwo Biznis la lè sezon an fini. Si antrenè yo retounen pou pwochen sezon, y ap rebay yo kle ak badj idantifikasyon yo.

Enfliyans Pozitif

Antanke yon antrenè nan Bristol-Plymouth Regional Technical School, nou atann pou w egzèse yon enfliyans pozitif sou elèv ki se atlèt, paran, lòt antrenè, e pèsònèl nou yo. Sa pa sèlman gen ladan l pandan sesyon pratik ak match yo, men tou pandan jou lekòl e lè w nan kominote a. Y ap revoke yon antrenè si li deside li pa vle egzèse yon enfliyans pozitif nan tout domèn nan lavi a.

Reyinyon Paran Anvan Sezon an Kòmanse

Chak antrenè dwe dirije yon reyinyon ak paran yo anvan sezon an kòmanse pou yo ka pale sou:

- Sa yo atann de elèv ki se atlèt yo
 - Sa yo atann de prezans pandan sesyon pratik ak match yo
 - Sa yo atann de konpòtman an
- Sa yo atann de paran yo
 - Konpòtman pou moun k ap gade match
 - Yo pap koute plent paran yo anvan 24 èdtan pase apre ensidan an kesyon an
 - Kontakte antrenè a an premye lè w gen yon enkyetid
- Pwogram sezon an
- Pwogram sesyon pratik yo
- Kantite tan chak elèv ap jwe
 - Nan nivo varsity, pa gen okenn garanti pou kantite tan yon elèv ap jwe
 - Se antrenè k ap deside kantite tan chak elèv ap jwe, e Direktè Deptaman Atletik ak Administrasyon an pap pale sou sa.

Depans/Kontabilite Ekip yo

Direktè Depatman Atletik la dwe siyen tout fòmilè depans anvan yo remèt yo bay Biwo Biznis la. Yonfwa Direktè Depatman Atletik la apwouve e siyen fòmilè depans lan, y ap soumèt pape ki apwopriye yo.

Vakans Lekòl

Gwo vakans nan fen ete

Elèv ki atlèt yo dwe prezan sou premye jou sesyon pratik/“try-outs”. Si yon elèv pa prezan nan sesyon pratik/“try-outs”, sa ka mete chans li genyen pou l vin yon manm ekip an danje.

Vakans ivè/Vakans fevriye/Vakans prentan:

Depatman Atletik B-P a pral fè tout efò pou l limite kantite match ki genyen pandan moman vakans ivè/prentan yo. Direktè Depatman Atletik la dwe apwouve tout match ki pwograme sou jou vakans. Yo dwe bay elèv ak paran/gadyen yo yon kopi pwogram sesyon pratik/match yo byen alavans pou pèmèt yo fè planifikasyon yo. Si gen yon ekip ki reyisi kalifye pou match “play-offs” yo, e gen yon match pandan yon semèn vakans, yo atann dèske elèv ki fè pati spò sa a asiste.

Rapòte Rezilta Match yo

Antrenè yo dwe rapòte rezilta match yo bay jounal lokal la e yo dwe voye rezilta yo nan yon mesaj tèks oswa yon imèl bay Direktè Depatman Atletik la apre chak match (ni match lakay ni match ki fèt deyò). Tanpri tou enkli yon ti rezime sou match la.

Pèsonèl sou Teren an

Se sèlman antrenè ki sou lis la, antrenè atletik sètifye yo, e nenpòt anplwaye nesesè yo ki dwe sou teren an. Paran yo pa dwe sou teren nan nan okenn sikonstans. Ansyen elèv yo pa dwe sou teren an pandan konpetisyon an nonplis. Yon ansyen elèv mèt bay yon ti pawòl pou ankouraje jouwè yo nan chanm kazye anvan match la. Bristol-Plymouth Regional Technical School pa pèmèt moun pote volontè antanke antrenè. Tout antrenè ki sou teren an dwe anplwaye ofisyèl yo pran pou sa.

Komite Lidèchip Elèv yo a

Komite Lidèchip Elèv yo a (SLC) la pou pèmèt elèv ki atlèt yo eksprime pwenvi yo parapò ak depatman atletik la. SLC a pral reyini yon fwa chak mwa ak Direktè Depatman Atletik la pou pale sou bagay elèv anvi wè akonpli. SLC pral gen manm suivan sa yo ladan l:

- 5 atlèt senyò ki seleksyone nan prentan anvan ane senyò yo a (Pwosesis Aplikasyon)
- 2 atlèt jinyò (1 fi, 1 gason) (Seleksyone pa ofisyèl senyò yo e Direktè Depatman Atletik la)
- 2 atlèt sophmò (1 fi, 1 gason) (Seleksyone pa ofisyèl senyò yo e Direktè Depatman Atletik la)
- 2 atlèt freshmen (1 fi, 1 gason) (Seleksyone pa ofisyèl senyò yo e Direktè Depatman Atletik la)

Manadjè Elèv yo

Yo dwe itilize elèv ki se manadjè nenpòt lè sa posib. Yo ka ede òganize sesyon pratik yo e bay koutmen ak ekipman match yo. Elèv ki se manadjè yo pa dwe patisipe aktivman nan sesyon pratik oswa match yo. Yo dwe soumèt non elèv ki manadjè yo bay Direktè Depatman Atletik la nan kòmansman chak sezon.

Sesyon Pratik/Match ki fèt Dimanch yo

Yo pa dwe fè sesyon pratik jou dimanch yo, e y ap pèmèt sa fèt sèlman lè gen sikonstans espesyal e si Direktè Depatman Atletik ak Administrasyon an apwouve sa. Yo pap pwograme match e/oswa konpetisyon yo sou jou dimanch, sof si Direktè Depatman Atletik la pwograme l konsa akoz yon sikonstans espesyal.

Sipèvizyon

Antrenè yo dwe byen sipèvize tout chanm kazye ak lòt andwa B-P yo jiskaske tout elèv ki atlèt yo gentan kite lekòl. Andwa sa yo gen ladan yo: sal antrènman, teren deyò yo, zòn komen, twotwa eksetera. Okenn elèv ki se atlèt pa dwe kòmanse pratike oswa itilize ekipman si pa gen yon antrenè ki prezan e k ap sipèvize. Yo pa konsidere paran yo antanke moun k ap bay sipèvizyon, e paran yo pa dwe enstwi elèv ki se atlèt yo sof si paran sa yo se antrenè k ap travay pou Bristol-Plymouth Regional Technical School. Antrenè yo pa gendwa kite kampous lekòl la anvan tout atlèt yo ale.

Sispansyon Jouwè yo

Si yon elèv jwenn yon sispansyon pou yon match oswa pou ekip la, antrenè a dwe fè Direktè Depatman Atletik konnen sa san pèdi tan. Si se yon ofisyèl match ki bay atlèt la yon sispansyon, yo dwe konplete fòmilè sispansyon MIAA apwopriye lapoula. Ou ka jwenn fòmilè sa yo nan men Direktè Depatman Atletik la. Yo dwe rele Direktè Depatman Atletik pou di l sa tousuit apre match la.

Si yon antrenè deside bay yon elèv yon sispansyon poutèt yon kontrevansyon règ ekip yo, yo dwe fè Direktè Depatman Atletik konnen sa anvan sispansyon an vin yon bagay ofisyèl. Yonfwa Direktè Depatman Atletik la apwouve sispansyon an, Direktè Depatman Atletik la pral notifiye elèv ki se atlèt la e paran li yo.

Si yon elèv vyole politik MIAA sou dwòg (Politik 62.1, Manyèl MIAA), fòk yo suiv pwosesis apwopriye a. Kontakte Direktè Depatman Atletik pou plis klarifikasyon, jan sa nesesè.

Si yon elèv jwenn yon sispansyon nan men lekòl, li pa kapab prezan nan sesyon pratik oswa nan match yo.

Foto Ekip yo

Fotograf lekòl la pral pran foto ekip yo. Antrenè prensipal la responsab pou l asire li rete an kontak ak sekretè direktè lekòl la pou l pwograme foto yo, e pou l voye non manm ekip yo bay li. Sa gen ladan l tout foto ekip yo dwe remèt pou ànyè lekòl la ak foto enfòmèl yo tou.

Lis Manm Ekip ak Limit yo

Yonfwa yo seleksyone manm ekip yo, yo dwe voye yon lis manm ekip yo bay Direktè Depatman Atletik la nan fòm elektwonik osito ke posib. Pi ba a yo mete limit lis manm ekip yo pou chak spò:

Yo ka limite lis manm ekip yo selon limit transpò oswa limit ban. Pa egzanp, yo ta ka di ekip baskèt freshman gen limit 14 atlèt poutèt yo ka itilize bis aktivite lekòl pou rive nan match yo e pou yo limite longè ban yo.

Règ Ekip yo

Tout antrenè yo dwe suiv e fè lòt moun suiv règ NFHS, MIAA, Konferans Atletik Mayflower, Bristol-Plymouth, e depatman atletik yo. Antrenè yo kapab deside kreye lòt règ ak objektif anplis règ sa yo. Yo dwe mete enfòmasyon sa disponib alekri e yo dwe esplike elèv ak paran yo detay sa yo nan kòmansman sezon an. Yo dwe voye yon kopi bay Direktè Depatman Atletik tou.

Se responsabilite chak antrenè pou l asire elèv ki atlèt yo konprann gen risk fizik ki asosye ak spò y ap patisipe ladan l.

Yo pa dwe janm sèvi ak egzèsis fizik ki ekse oswa abi pou pini moun, kit se yon endividyèl kit se yon gwoup elèv. Yo dwe pale sou metòd disiplin ak aksyon ki kapab merite disiplin yo bonè e souvan. Yo dwe asire tout elèv ki se atlèt yo gen opòtinite pou defann tèt yo, e yo dwe ankouraje kominikasyon transparan souvan depi nan kòmansman sezon an.

Transpò

Se Direktè Depatman Atletik la k ap òganize transpò pou rive nan match yo. Direktè Depatman Atletik la pral kowòdone ak chak antrenè pou deside a kilè yo vle rive nan match ki pa fèt nan lekòl pa nou. Yo transpòte tout elèv ki se atlèt Bristol-Plymouth yo ale tounen nan match yo. Paran/gadyen yon elèv kapab mennen yon elèv tounen lakay li si gen 2 kondisyon ki ranpli: 1) Paran an dwe ranpli fòmilè “parent pickup” (ki sou Sitwèb Atletik B-P a) anvan jou match la, e 2) Paran an dwe pale an pèsòn ak antrenè a anvan li pran elèv la ale avè l. Elèv ki se atlèt yo pa gen dwa vwayaje ak lòt elèv ki se atlèt oswa nenpòt lòt moun, depi se pa yon paran oswa gadyen legal. Nou atann dèske elèv nou yo gen konpòtman ki apwopriye pandan yo sou bis transpò yo. Nenpòt move konduit kapab mennen nan yon penalite, e yo ka menm voye elèv la ale si sa jistifye. Elèv ki atlèt yo responsab pou nenpòt domaj yo fè sou bis la, e yo responsab pou depans reparasyon oswa ranplasman yo.

“Try-Outs”

Pou yon elèv eseye (“try-out”) patisipe sou yon ekip spò, li dwe ranpli kondisyon suivan yo: (*Nenpòt antrenè ki pa respekte kondisyon sa yo kapab pèdi pòs li pou sa*)

- ❖ Konplete enskripsyon BigTeams yon fason alè e konplè (w ap jwenn sa sou Sitwèb Atletik B-P a).
- ❖ Remèt rezilta yon egzamen fizik medikal. Egzamen sa a dwe siyen e date pa yon doktè, e li te dwe fèt pandan 13 mwa ki sot pase yo
 - MIAA Règ 56 di ke yon egzamen fizik bon pandan 13 mwa. Sa vle di yon egzamen fizik ekspire apre 395 jou, e apre dat sa elèv la vin pa kalifye ankò.
- ❖ MIAA Fòmilè 200 (sèlman si yon elèv ap transfere vini nan Bristol-Plymouth soti nan yon lòt lekòl).
- ❖ Gade Lwa Massachusetts sou Brimad Inisyasyon yo ansanm ak antrenè e elèv ki atlèt yo.
- ❖ Gade Prensip Massachusetts pou Chòk nan Tèt ansanm ak antrenè e elèv ki atlèt yo, e konplete videyo fòmasyon NFHS Chòk nan Tèt pou Elèv yo.
- ❖ Gade tout règ endividyèl e règ ekip yo.

**W ap jwenn tout lyen enskripsyon yo sou sitwèb Bristol-Plymouth Regional Technical School nan <https://bristolplymouthathletics.bigteams.com/>*

Pandan peryòd “tryout” la, chak antrenè pral esplike sa yo atann de elèv yo. Se obligasyon elèv ki atlèt yo pou yo montre antrenè a yo kapab atenn egzijans sa yo. Si yo pa seleksyone yon elèv pou l fè manm ekip la, li kapab pale ak antrenè a pèsònèlman pou l jwenn yon eksplikasyon. Nou ankouraje tout elèv yo pa seleksyone yo pou yo chèche lòt opòtinite atletik avèk ekip B-P ki poko gen tout manm yo bezwen yo. Tanpri sonje, MIAA Règ 35 di ke nenpòt elèv ki vle patisipe nan foutbòl ameriken dwe gen 15 jou pratik (10 jou pratik pou tout lòt spò yo) anvan li jwe nan yon match ofisyèl.

Se sèlman antrenè chak spò yo ki responsab chwazi manm ekip yo, deside nivo jouwè yo, e kantite tan y ap jwe. Yo pap pèmèt okenn elèv “tryout” pou yon ekip atletik apre twazyèm (3^{yèm}) sesyon pratik. Sèl eksepsyon ki gen pou règ sa a se pou blesi, maladi, transfè lekòl, oswa si yon elèv soti nan yon ekip ki te koupe l e li vin fè pati yon ekip ki pa koupe pèsonn.

Inifòm yo

Distribisyon: Antrenè yo ap responsab distribiye inifòm yo anvan premye match, an amoni ak Direktè Depatman Atletik la. Direktè Depatman Atletik la pral gen yon kane pou l ekri non chak elèv ak ki ekipman li te resevwa.

Ranmase: Antrenè yo ap responsab ranmase inifòm yo nan fen sezon an. Antrenè yo pa gen dwa kite okenn elèv kenbe inifòm li. Si gen nenpòt inifòm yo pa jwenn, y ap mete yon obligasyon sou kont elèv la ki egal ak pri nòmal inifòm yo pa t remèt la.

Konsèvasyon: Antrenè yo pap pran anpil tan pou yo remèt inifòm yo bay Direktè Depatman Atletik la apre sezon an fini. Y ap voye lave inifòm yo epi apre sa y ap konsève yo nan chanm depo atletik la.

Komann: Se Direktè Depatman Atletik ki pral jere komann pou nouvo inifòm yo. L ap fè sa selon laj e kalite ansyen inifòm yo.

Dènnye Pawòl Antrenè Bay

- Yo pa pèmèt okenn antrenè volontè.
- Pa bliye restriksyon parapò ak itilizasyon e politès sou entènèt ak rezo sosyal yo. Pa patisipe nan konpòtman oswa kominikasyon ki pa apwopriye, san wete pawòl degradan sou elèv ki atlèt yo oswa pataje detay lavi pèsònèl ou. Pa bliye: li bon pou w byen ak manm ekip ou a, men amenmtan, ou se lidè yo.
- Ou dwe konnen règ MIAA yo, tankou Règ Sante Chimik e Règ Ekip Toutbon an.
- Antrenè yo pa dwe antrene elèv ki soti nan lekòl e/oswa ekip yo dirèkteman nan okenn aktivite spòtif ki pa fè pati sezon an, kèlkeswa kontèks la.
- Tcheke imèl ou ak mesaj tèks ou yo souvan pou w ka jwenn enfòmasyon enpòtan ak òpdet yo.
- Nou ankouraje antrenè yo sonje ke lavi fanmi se yon bagay ki enpòtan pou ou menm, administrasyon an, e elèv ki atlèt yo. Nou dekouraje moun fè apèl e ekri imèl nan nwit e pandan wikenn yo, sof si se yon ka ijans. Byen pwofite tan òf ou e sonje elèv yo bezwen tan òf pafwa tou!
- Poze bon egzanp e jwe ak lespri spòtif, fyète e entegrite. Ou dwe aji antanke yon bon modèl devan elèv yo, paske yo pral suiv tout sa w fè!
- Pa bliye, AMIZE nou!

Kod Prensip Antrenè yo

Travay antrenè a se pou l anseye elèv ki atlèt yo pa mwayen patisipasyon nan konpetisyon spò ki fèt ant plizyè lekòl. Byennèt atlèt yo dwe toujou rete priorite a. Konsa, Federasyon Nasyonal Antrenè Lekòl Segondè yo adopte prensip suivan sa yo pou antrenè yo e yo adapte yo pou Bristol-Plymouth Regional Technical School:

1. Antrenè a dwe konprann li gen yon gwo enfluyans sou ansèyman elèv yo, swa pou byen swa pou mal, e konsa, li pa dwe janm mete plis aksan sou genyen match pase sou aprann elèv yo vin pi bon moun.
2. Antrenè a dwe aji ak onè e diyite ke pòs la mande. Nan tout kontak pèsònèl li gen ak elèv ki atlèt, ofisyè, direktè depatman atletik, administratè lekòl, asosyasyon lekòl segondè eta a, meya, ak piblik la, antrenè a dwe toujou fè efò pou l poze pi bon egzanp nan konduit ki baze sou prensip.
3. Antrenè a dwe dekouraje itilizasyon dwòg, alkòl, sigarèt elektwonik, ak tabak.
4. Antrenè a pa dwe itilize alkòl, dwòg, oswa pwodui tabak pandan li an kontak ak atlèt yo.
5. Antrenè a dwe fè pwomosyon pou tout pwogram konpetisyon antre lekòl yo e li dwe dirije pwogram pa l la an amoni ak pwogram konplè lekòl la.
6. Antrenè a konnen règ konpetisyon yo e li anseye yo a manm ekip li yo. Antrenè a pa dwe pase règ yo anba pye pou chèche avantaj.
7. Antrenè a dwe eseye amelyore lespri spòtif la pandan li travay ansanm ak chirlidè yo, sponsò klèb yo, kliè “booster” yo, e administratè yo.
8. Antrenè a dwe respekte e soutni ofisyèl match yo. Antrenè a pa dwe patisipe nan konpòtman ki ta ka ankouraje jouwè oswa moun k ap gade match yo pran pozisyon kont ofisyèl yo. Kritike ofisyèl oswa jouwè yo an piblik se yon konpòtman ki san prensip.
9. Antrenè a pral rankontre e salye ofisyèl konpetisyon ak antrenè lòt ekip yo yon fason kòdyal, konsa l ap ankouraje atitid ki kòrèk anvan e apre match yo.
10. Antrenè a pa dwe mete presyon sou manm fakilte yo pou bay elèv ki atlèt yo eksepsyon espesyal.
11. Antrenè a dwe respekte egzijans e responsabilite ki ekri nan, men ki pa limite a, manyèl atletik la.

Mwen gentan li, konprann e mwen pral suiv Kod Prensip Antrenè/Manyèl Atletik Bristol-Plymouth la.

Dat: _____ Antrenè: _____

Dat: _____ Direktè Depatman Atletik: _____

Kod Prensip Paran yo

Yo atann dèske paran/gadyen yo soutni politik atletik lekòl la, jan yo detaye l nan manyèl sa a, e yo site responsabilite espesifik yo pi ba a: Paran/gadyen yo dwe soutni desizyon depatman atletik e antrenè yo devan pitit yo, menmsi pèsònèlman yo pa dakò ak desizyon yo. Paran/gadyen yo dwe poze bon egzanp pa mwayen aksyon yo pou asire pitit yo byen jwi eksperyans atletik li a!

1. Patisipasyon paran yo esansyèl pou pwogram nan reyisi, men sa pa vle di yo gendwa dirije pwogram nan. Paran yo dwe konprann e aksepte wòl yo antanke paran. Li pa apwopriye pou yo diskite sijè suivan sa yo ak yon antrenè:
 - a. Kantite tan elèv ap jwe.
 - b. Estrateji ekip oswa estrateji antrenè a chwazi sou teren.
 - c. Lòt antrenè oswa atlèt ki fè pati pwogram nan.
2. Yo atann dèske paran/gadyen yo soutni politik Bristol-Plymouth la e suiv règ lekòl yo. Si yon paran/gadyen pa fè sa, sa ka fè yo retire elèv la nan pwogram atletik la.
3. Paran yo dwe asire egzamen medikal ak fòmilè enskripsyon yo konplete, elèv la elijib e tout lòt egzijans pou elèv yo patisipe gentan ranpli.
4. Si konpòtman yon paran/gadyen pandan yon evènman atletik pa mache ansanm ak politik Bristol-Plymouth la, Direktè lekòl, Direktè Depatman Atletik, yon antrenè, oswa yon lòt administratè kapab mande li sispann konpòtman sa. Paran yo dwe toujou montre respè anvè jouwè opozan, antrenè, moun k ap gade match, e ofisyèl yo. Si yon paran/gadyen refize koute demann pou l sispann fè yon bagay, yo ka mete l deyò match la. Si li refize koute demann sa yo plizyè fwa, sa ka fè yo retire elèv li a sou ekip la.
5. Paran yo dwe fè efò pou asiste match atletik yo. Lè w asiste yon match, sa vle di ou bay travay ak efò elèv ou a valè e ou soutni wòl yo jwe sou ekip la. Soutni atlèt ou yon fason pozitif, bay li ti konsèy pozitif, pa janm reprimande li!
6. Paran yo dwe notifiye antrenè yo byen alavans si gen nenpòt posibilite ke elèv la pral absan. Yo dwe di yo sa omwen yon (1) semèn alavans pou ede yo jere absans la pou yon evènman oswa yon match.
7. Paran yo dwe bay koutmen nan ranfòse règ lekòl/MIAA ki entèdi elèv sèvi ak dwòg e alkòl. Yo ka fè sa lè yo pa sèvi ak dwòg, alkòl, tabak, e/oswa sigarèt elektwonik yo menm anvan e pandan evènman atletik Bristol-Plymouth yo.
8. Anvan w kritike yon antrenè an patikilyè, tanpri sonje pwen sa yo:
 - a. Yon antrenè prensipal gen pou l konsidere tout jouwè ak tout antrenè adjwen li yo pou chak desizyon l ap fè. Byenke paran yo dwe panse sou byennèt ekip la, nòmalman yo konn panse sèlman sou fason yon desizyon afekte yon sèl atlèt, elèv pa yo.
 - b. Antrenè yo gendwa pale fò e disipline jouwè yo. Sa pa vle di yo pa fidèl oswa yo pa renmen jouwè yo. Atlèt yo bezwen aprann fason pou reyaji devan kritik, e yo dwe konprann se pa yon bagay pèsònèl.

Kod Prensip Moun K ap Gade Match yo

Ni moun k ap gade match, ni paran yo, dwe rekonèt ke yo reprezante lekòl ak kominote a. Donk, yo gen yon obligasyon pou yo aji antanke yon fanatik toutbon, ki ankouraje konpòtman pozitif e ki gen yon bon lespri spòtif. Anplis, moun k ap gade match yo dwe suiv egzijans suivan yo. Y ap mande moun ki pa respekte egzijans sa yo swa pou yo korije konpòtman yo, swa pou yo kite match la.

1. Pa bliye ke konpetisyon atletik se yon eksperyans kote yon elèv ap aprann e li ka fè erè. Ou pa t ap joure yon elèv ki fè yon erè nan sal klas la; poukisa ou ta fè yon atlèt sa?
2. Se yon privilèj pou gade yon match. Se pa yon kote pou joure moun oswa aji yon fason sòt.
3. Aprann règ spò a pou w ka konprann match la e pou w ka konprann poukisa gen kèk bagay ki fèt konsa.
4. Montre respè pou jouwè opozan, antrenè, moun k ap gade match, e gwoup sipò yo. Trete yo menm jan w ta trete yon moun k ap vizite lakay w.
5. Respekte entegrite ak jijman ofisyèl match yo. Pa kesyone desizyon ofisyèl yo.
6. Rekonèt e montre apresyasyon pou yon vire ki te anfòm, kèlkeswa ekip ki fè l.
7. Pa itilize okenn sibstans kontwole (alkòl, dwòg, tabak, eksetera) anvan, pandan e apre match la, kote evènman an fèt oswa yon kote toupre evènman an (pa egzanzp, “tailgating”).
8. Pa sèvi ak yon kri fanatik, betiz, oswa pawòl degradan pou pale opozan yo mal.

Si konpòtman yon moun k ap gade match pa mache ak politik Bristol-Plymouth la, Direktè lekòl, Direktè Depatman Atletik, yon antrenè, oswa yon lòt administratè kapab mande li sispann konpòtman sa a. Moun k ap gade match yo dwe toujou montre respè anvè jouwè opozan, antrenè, lòt moun k ap gade match, e ofisyèl yo. Si yon moun pa koute demann pou yo korije konpòtman li, yo ka mete l deyò match la. Si li refize ale, y ap rele lapolis e y ap retire l sou propriyete a.